ни ва 1/3 қисмига эса – энг учгинасига – тўқ рангдаги тушни ботириб олинг. Тус градацияси банднинг цилиндрсимон шаклини ифодалаш учун керак. Битта банднинг барча қисмини тугатмагунча тушнинг янги порциясини қайта олманг – шунда у бир хил кўринади.

Бир нечта новдани биргаликда тасвирлаганда, турли дағалликдаги, йўғонликдаги мўйқалам қўллангани маъқул, улар турли тўйинганликдаги тусни олишади.

Қизиқарли композиция ҳосил бўлади. Катта қилиб битта бандни тасвирлашда, унинг фактурасини ифодалашга имконият берадиган дағал мўйқаламдан фойдаланиш керак. Расмга қаранг.

Яратилаётган образнинг асосий усулларини кўриб чиқамиз. Кўрилаётган тасвирий элементларнинг ҳар бирини ўзлаштириб олинг.





Бамбук уч қисмли суртмадан иборат – япроқ, банди ва барглар шохи.

Баргларни тасвирлашда сувсар қилли мўйқалам билан чизиқ юритинг, аввало қоғозга салгина теккизиб, кейин аста секин босиб ва, сўнггида, яна шошмасдан мўйқаламни кўтаринг. Мўйқаламни енгил, тик ҳолатда ушланг.

Кейинги вазифамиз бирданига баргни шохи билан тасвирлаш. Мўйқалам учи билан ингичка чизиқ юргизилади ва шохини ҳосил қиламиз. Мўйқаламни узмасдан босиб давом этамиз, кейин шошмасдан чизиқни тугатамиз.







Баргларни йиғиб тасвирлаймиз. Тушни ёйилиб кетишини олдини олиш учун тасвирлашни энг тўқ рангдаги барглардан бошлаймиз. Эски баргларнинг ўзига хос фактурасини – кўпроқ горизонтал ва тарвақайлаган кўринишда бўлади – улар ёш баргларга ўхшаб жуда ҳам силлиқ ва батартибли эмас. Буни тасвирлашда мўйқалам одатдагига кўра анча қуруқ бўлиши керак.

Агарда етарли даражада юқорида кўрсатилган бамбук тасвирини ишлашда қўлланиладиган суртмаларни ўзлаштирган бўлсангиз, унда мукаммал композиция ишлашга ўтиш мумкин.

Иложи борича композициядаги шохчаларни ва баргларни баравар тасвирлаш лозим, негаки қаерда бўш жой қолдириш, қаерга яна баргларни қўшиш, ва унга шохчалар чизишни яхлит кўриши керак бўлади.

Амалиёт татбиғида бевосита бамбукдан ташқари, «бамбук суртмалари» билан жуда кўп мураккаб нарсаларни чизиш мумкин.





Масалан: Ниначи қанотлари – «бамбук япроғи», танаси – «бамбук шохи» суртмаси билан тасвирланган.

Суртмаларни шакл жиҳатдан ва рангларнинг тўйинганлиги бўйича ишланганлиги – чизғиларга ифодалик бағишлайди ва уни ҳажмли бўлишини таъминлайди. Албатта, ҳаво перспективаси қонунлари ҳақида унутманг.

Шундай қилиб, тасвирий санъат ўқитувчилари учун анъанавий бамбук образини яратиш бўйича ишлаш технологиясини методик материаллар сифатида тавсия этамиз.

**Адабиётлар**


1. Абдирасилов С. ва бошқ. Рангтасвир. -Т.: «Инновация-Зиё», 2019.
2. Чень Ян. «Традиции и современность. Китайская миниатюра тушью и акварелью». -М.: Кристина - новый век, 2006.
3. Виноградова Н.А. «Китайская пейзажная живопись». -М.: «Белый город», 2011. –С. 48.
4. ru.wikipedia.org /wiki. Китайская живопись.



**РЕЗЮМЕ**

Ушбу мақолада умумтаълим мактаб ўқувчилари учун тасвирий санъат дарсларида Шарқ Осиё мамлакати Хитой санъати ҳақида, унинг рангтасвири энг муҳим турида ишлаш усулини намоён этиш масалалари ҳақида фикр юритилган. Мактаб тасвирий санъат ўқитувчилари учун анъанавий бамбук образини яратиш бўйича ишлаш технологияси методик материаллар сифатида келтирилган.

**РЕЗЮМЕ**

В данной статье рассматривается китайское искусство Восточной Азий на уроках изобразительного искусства, и практический показ приемов работы в виде живописи для учащихся общеобразовательных школ. В качестве методических материалов для учителей изобразительного искусства представлена технология работы по созданию традиционного изображения бамбука, орхидея.

**SUMMARY**

This article discusses the Chinese art of East Asia at the lessons of fine arts, and a practical demonstration of the methods of work in the form of painting for students of secondary schools. An orchid is presented as methodological materials for teachers of fine arts, the technology of work on creating a traditional image of bamboo.


# БАСЛАЎЫШ КЛАСС ОҚЫЎШЫЛАРЫН ЎАТАНПАРЎАРЛЫҚ РУЎХЫНДА ТӘРБИЯЛАЎДА ФОЛЬКЛОРДЫҢ КИШИ ЖАНРЛАРЫНЫҢ ТУТҚАН ОРНЫ


**К.Алламбергенов –** *филология илимлериниң докторы, профессор*

**Т.А.Пазылов** – *таяныш докторант*

*Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты*



**Таянч сўзлар:** Ватанпарварлик, бошланғиш синф ўқувчилари, фольклор, тарбия қуроллари, кичик жанрлар.

**Ключевые слова:** Патриотизм, младшие школьники, фольклор, учебные пособия, малые жанры.

**Key words:** Patriotism, elementary school students, folklore, educational tools, minor genres.


Баслаўыш класс окыўшыларын Ўатансүйиўшилик руўхында тәрбиялаўда, әлбетте, фольклорлық жанрлар үлкен әхмийетке ийе. Бирак, қайсы жанрлар баслаўыш класс оқыўшыларының ақыл-ой-психологиясына ылайықлы деген саўал оқытыўшының дыққат орайында туратуғын баслы мәселелерден болыўы керек. Себеби, баслаўыш класс оқыўшылары қурамалы мәселелерди жәмлеген уллы идеялық мазмунды, қурамалы образлар менен өткир сюжетлерди, кескин конфликтлерди ҳәм кең қамтымлы масштаблы композицияларды бирден

қабыл етиў уқыбына ийе емес. Сол ушын оларға берилетуғын түсиниклер де эпиўайыдан қурамалылыққа қарай өсип баратуғын қысқа, ықшам, жайдары мазмун ҳәм формаларда берилиўи керек. Бул орында, әлбетте, оқыўшының жас өзгешелиги, тәжирийбе ҳәм көнликпелер топлай алыў қәбилети, уқыплылығы есапқа алыныўы керек. Мәселен, баслаўыш класс оқыўшыларына Ўатан, ўатансүйиўшилик сезимлери хаққында билим ҳәм көнликпелер бергенде, бирден фольклордың ири жанрлары – ертеклер, эпсаналар, дәстанлардағы Ўатан, ўатансүйиўшилик мәселелери ҳаққында түсиниклер бериў унамлы нәтийжелер алып келмейтуғыны сөзсиз. Сол ушын бул түсиниклерди фольклордың киши жанрлары нақыл-мақаллар, терме-толғаўлар ҳәм т.б. арқалы изшилликте әсте-әсте үйретип барған мақсетке муўапық келеди. Бул орында биринши гезекте нақыл-мақаллардың атқаратуғын тәрбиялық хызмети айрықша. Бул ушын ең дәслеп тахтаға Ўатан, ўатансүйиўшилик сезимлери сәўлеленген ең кем дегенде 5-6 нақыл-мақалды жазамыз.

1. Ўатансыз адам – бахытсыз бүлбил.
2. Ер туўған жерине, ийт тойған жерине.
3. Туўған елиң – Мыср шәҳәриң.
4. Өз үйиң- өлең төсегиң.
5. Жат еллерде султан болғанша, өз елиңде ултан бол.
6. Туўған жер- алтын бесик.
7. Диннен шықсаң да, елден шықпа.

Оқытыўшы қос қатарлы нақыл-мақалларды жазып атырғанда, биринши қатарды жазып турып, екинши қатарды оқыўшылардың өзлерине табыўды тапсырыў усылын қолланса да болады. Мысалы: «Ер туўған жерине» деп жазып турып, «Екинши қатары қандай еди, балалар?» деп оқыўшыларға мүрәжәәт етеди. Оқыўшылар «Ийт туўған жерине» деп жуўап берсе, оқытыўшының класс пенен тығыз байланыста қызықлы сабақ өтип атырғанынан дәрек береди. Усындай нақыл-мақалларды жазып атырғанда, оқытыўшыға айырым түсиниксиз сөзлерди тахтаға жазып, оқыўшыларға түсиндирме берип кетиўге туўра келеди. Мәселен, «Өз үйим – өлең төсегим» деген нақылдағы «өлең» деген сөзге түсиник берип кеткен мақул. Себеби, бул сөз жеке турған ҳалатында баслаўыш класс оқыўшысына түсиниксиз. Айырым зийрек оқыўшылар «Муғаллим, бул сөз қазақша емес пе? Қазақшада «өлең» деген сөз «қосық» деген мәни бермей ме?» деп саўалларда қойыўы мүмкин. Сол ушын бул сөздиң қолланылатуғын орынларын ең дәслеп әдебий шығармалардан, ямаса аўызеки сөйлеў тилинен мысаллар келтирип түсиндирип алыў керек. Мысалы, бул аўызеки сөйлеў тилинде «от-өлең» жуп сөз формасында жасыл жумсақ шөп, от-шөп мәнисин беретуғынын айтып болып, бул нақыл-мақалда онын усы жасыл, жумсақ, мал-жанлықлардың жеўине жағымлы жупар шөп мәнисинде келип турғанлығына, ал аўыспалы мәнисинде өз үйим, өз ўатаным - жасаў ушын жағымлы, ең жақсы мәкан, деген мәнини аңлатып турғанлығына түсиник берилсе, оқыўшылардың Ўатан деген түсиниктиң шаңарақтан басланатуғынлығына жәнe бир мәртебе исениими артады.

Оқыўшы усылайынша характерли еки-үш нақылдың мәнис-мазмунын түйиндирип кеткени мақсетке муўапық болады. Мысалы, қарақалпақ нақыл-мақалларында ўатанпәрўарлық тымсалы сыпатында ер, мәрт, баҳадыр батырлар образының жийи тилге алыныўы мәнислерин түсиндириў керек. Мысалы, олар туўралы «Ер жигит ели ушын өледи» деген нақылдың мәнисин дәстанлардағы Алпамыс, Едиге, Қоблан, эпсаналардағы Тумарис, Шырақ. толғаўлардағы Ормәмбет бий, Сарыша айым образлары арқалы түсиндирген әдеўир эстетикалық ҳәм әдеп-икрамлылық тәсир күшине ийе болады.

Улыўма, баслаўыш класс оқыўшыларына фольклордың киши жанрлары арқалы Ўатан, ўатансүйиўшилик сезимлерин қәлиплестириў - фольклор жанрлары арқалы оқыўшыларға әдеп-икрам тәрбиясын бериўдиң дәслепки алтын көпири есапланады. Мысалы, «Ормәмбет бий» толғаўында оның өз Ўатанын сүйген мәрт, баҳадыр болғанлығы:

Ормәмбет бий өлген күн,
Он сан ноғай бүлген күн,
Себил болған Боз орда,
Ул қалмады, қыз қалды…
Ормәмбет бийдиң үш қызы,
Үш қызының генжеси,
Сарыша айым дер еди,
Өли емес, сорлы тири еди,
Ақыллының бири еди.
Сөйлегенде не деди,
Сөйлегенде буй деди:
- Ҳә, Ноғайым, Ноғайым,
Кетти сениң оңайың,
Жайықтан арман өткенде,
Жайылып кеңес қурмадың,
Едилден арман өткенде
Ел болып кеңес қурмадың…

Мине, көриңиз, бул қатарларда, бириншиден, Ўатанын шын сүйген патриот азамат, дана ел басшысы Ормәмбет өлимине деген халықтың терең қайғырыў сезимлери берилсе, екиншиден усындай ўатанпәрўар адамның ҳақыйқый қызы - ақыллы, дана Сарыша айымның Ўатан басына түскен мүсийбетке деген терен қайғы-муңы жан ашыў сезимлери көрсетилген.

Толғаўларда ел-халық, Ўатан тәғдирине болған жан ашыныўшылық, сүйиспеншилик сезимлер төмендегидей абстракт формаларда да бериледи:

Қаршыға қустың баласы,
Қайында болар уясы,
Қайың түбин суў алса,
Қайғырар екен анасы.

Ўатан, ўатанға болған сүйиспеншилик сезимлери эпсаналарда да өзиниң реаль ҳәм көркем сәўлелениин тапқан. Мысалы, «Ҳаяллар патшалығы ҳаққында аңыз»да ерте дәўирлерде қарақалпақларда Ўатан азатлығы жолында ҳаял-қызларымыздың да ерлердей қурал-жарақ асынып еткен ерликлери ҳаққында айтылса, «Шырақ» эпсанасында Ўатанын шын сүйген эпиўайы шопан жигиттиң душпанның сан мың әскерин қалайынша адастырып, шөлде қалдырып, суўсырап өлтирген ақыллылығы ҳаққында сөз етиледи. Ал, Қорқыт атаға байланыслы, ямаса Асан қайғыға байланыслы аңызлар менен шешенлик сөзлерде өзлериниң қылыштай өткир сөзлери менен өз елин қалайынша душпанның топылыслынан аман алып қалған ўатанпәрўар, мәрт, баҳадыр, ақыллы, данышпан бабаларымыздың жарқын образлары гәўделенеди.

Жуўмақлап айтқанда, фольклордың киши жанрлары оқыўшы жасларды фольклор шығармалары Ўатансүйиўшилик руўхында тәрбиялаўдағы ең қолайлы ҳәм тәсиршең эстетикалық – тәрбия қуралларынан есапланады.

**РЕЗЮМЕ**

Мақолада бошланғиш синф ўқувчиларинин Ватанпарварлик рухида тарбиялашда фольклорнинг кичик жанрларининг тутган ўрни ҳақида фикр юритилади. Шунингдек, фольклорнинг кичик жанрларининг ватанпарварлий ғояси асосида ўқитиш усуллари келтириб ўтилган.

**РЕЗЮМЕ**

В статье рассматривается роль малых жанров фольклора в воспитании младших школьников в духе патриотизма. Также даны методы обучения, основанные на патриотическом представлении о малых жанрах фольклора.